



Pou Piblikasyon Imedya: 10/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 21 NOMINASYON KI REKÒMANDE POU REJIS ETA AK NASYONAL PLAS ISTORIK YO

Sit yo relete divès kalite istwa, ki gen ladan premye endistri otomobil nan Buffalo ak Syracuse, sèl izin tekstil ki rete nan Lansingburgh, twa konplèks lojman piblik diferan, ak simityè Mohawk Valley kote yo antere otè Sèman Fidelite an

New York dirije nasyon an nan Kredi Enpo Federal, ak Eta pou reyabilitasyon istorik pwopriyete ki anrejistre yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Konsèy pou Prezèvasyon Istorik (Board for Historic Preservation) eta te rekòmande pou yo ajoute 21 pwopriyete nan Rejis Eta ak Nasyonal Plas Istorik yo, ki gen ladan ansyen enstalasyon ki enplike nan premye fabrikasyon ak lavant otomobil nan Buffalo ak Syracuse, yon simityè nan Mohawk Valley ki gen ladann otè Sèman Fidelite (Pledge of Allegiance) a, ak sèl izin tekstil 19èm syèk la ki rete nan katye Lansingburgh nan Troy, ki yon fwa yo rekonèt kòm "Collar City."

"Pandan n ap reflechi sou istwa laj ak divèsifye Empire State la, nominasyon sa yo reprezante lye ki dèyè istwa enspiran yo nan pase nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ogmantasyon sa yo nan rejis istorik yo pral ede asire ke gen resous ki disponib pou pwoteje sit istorik yo pou tan pase a ka kontinye enspire nou jodi a — ak nan lavni."

Rejis Eta ak Nasyonal yo kapab ede pwopriyete yo modènize pwopriyete yo, sa k ap fè yo vin kalifye pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou sibvansyon kontrepati eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo.

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Erik Kulleseid, te deklare, "Yon pati an misyon nou isit la nan Pak Eta yo se pou ede prezève epi fè pwomosyon seri istwa enkwayab ki prezan nan eta nou an. Garanti rekonesans Rejis Eta ak Nasyonal yo pou plas sa yo bay resous avèk ankourajman posib, tankou kredi enpo eta ak federal sa yo, ki pral ede kenbe istwa sa a vivan epi dinamik."

Komisyonè adjwen pou Konsèvasyon Istorik nan Pak Eta yo, Daniel Mackay, te deklare, "Dènnye nominasyon sa yo kontinye angajman Divizyon pou Prezèvasyon Istorik (Division for Historic Preservation) pou sipòte resous istorik ki ka benefisye investisman ki baze sou kredi enpo eta ak federal yo pou reyabilitasyon istorik. Enpak travay sa a te fèk klarifye nan yon rapò Sèvis Pak Nasyonal (National Park Service) la ki montre Eta New York ap dirije nasyon an nan itilizasyon kredi sa yo."

Sèvis Pak Nasyonal la [te rapòte](#) ke ant 2017 ak 2021, 466 pwojè komèsyal nan New York ki kalifye pou kredi enpo te reprezante prèske 3.8 milya dola nan investisman prive. Sa se 1 milya dola an plis pase pwochen eta ki pi pre a, ki se Ohio. Ane pase a, 152 pwojè komèsyal nan Eta New York te kalifye pou kredi enpo ki baze sou plis pase 505 milyon dola nan investisman prive, sa ki depase tout lòt eta nan nasyon an. Nan nominasyon aktyèl yo, 14 ladan yo reprezante pwojè kredi enpo komèsyal epi youn reprezante yon pwojè kredi enpo rezidansyèl.

Pandan deseni pase a, Eta a te apwouve itilizasyon kredi enpo komèsyal pou reyabilitasyon pou plis pase 1,000 pwopriyete istorik, sa ki ankouraje plis pase 12 milya dola nan investisman prive. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Yon [etid](#) ke Sèvis Pak Nasyonal (National Park Service) la te reyalize sou enpak kredi enpo a genyen sou djòb ak revni fiskal nan Eta New York, te jwenn ke ant 2015 ak 2019, kredi yo te jenere 67,578 djòb nan nivo nasyonal ak plis pase 195 milyon dola nan enpo lokal, eta ak federal.

Rejis Eta ak Nasyonal yo se lis ofisyèl bilding, estrikti, distrik, peyizaj, bagay ak sit enpòtan nan listwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 pwopriyete istorik toupatou nan eta a ki nan Rejis Nasyonal Lye Istorik la, endividyèlman oswa tankou eleman nan distrik istorik yo. Mèt pwopriyete yo, minisipalite yo, ak òganizasyon yo nan kominote toupatou nan eta a te pwopoze nominasyon yo.

Lè Komisè ki sèvi kòm Ofisye Prezèvasyon Istorik Eta a fin apwouve rekòmandasyon yo, y ap antre pwopriyete sa yo nan Rejis Lye Istorik Eta New York la epi y ap pwopoze yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, kote y ap egzamine yo, epi yon fwa yo apwouve yo, y ap antre yo nan Rejis Nasyonal la.

Konsèy Eta a pou Konsèvasyon Istorik te revize tou yon rapò ki te prepare pa Biwo Konsèvasyon Istorik Eta Vermont ak Lake Champlain Maritime Museum nan Vergennes, Vermont, ki te bay detay sou eritaj maritim sistèm Kanal Champlain lan, ki gen ladan nofraj soumaren bato nan epòk kanal yo nan Lake Champlain. Jiskaprezan, yo te idantifye 63 nofraj bato nan lak la. Yo pral sèvi ak rapò a pou detèmine kalifikasyon potansyèl nan Rejis Istorik la pou nofraj sa yo alavni.

Kanal Champlain lan, ki te ouvri totalman an 1823 pou konekte komès sou lak la ak Rivyè Hudson ak mache sid yo nan Vil New York, te elaji an 1862, an 1872, epi finalman ankò an 1916 kòm yon pati nan Kanal Barge Eta New York la. W ap jwenn plis enfòmasyon, ak foto sou nominasyon, disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la.

Capital District

Albany Perforated Wrapping Paper Company, Konte Albany - Sitiye nan Warehouse District nan vil Albany, etablisman sa a yon fwa te youn nan pi gwo manifakti papye ijyenik ak sèvyèt an papye nan mond lan, li te fè plis pase 30,000 mil pa jou nan pwodwi sa yo nan mond lan mitan ane 1920 yo. Izin lan te devlope pa natif Konte Columbia a Seth Wheeler, ke yo te atribiye envansyon papye ijyenik pèfore, an woulo, modèn lan ak li, detache, ke te jwenn yon patant federal an 1871 pou li. Konstwi an plizyè etap ant 1918 ak 1922, izin lan te fèmen an 1964 e li te vid pou anviwon de deseni anvan yo te redevlope li pou itilizasyon aktyèl li kòm yon magazen ki vann mèb an detay ak machandiz pou kay.

Lion Factory, Konte Rensselaer - Izin fabrikasyon an te ouvri nan Lansingburgh an 1884 pou fè kolye ak manch chemiz detachab; se te youn pami anpil faktori lokal ki te angaje nan antrepriz sa a, ki te ede bay vil Troy avwazinant lan ti non li, "Collar City" (Vil Kolye). Lansingburgh te enkòpore pita nan Troy. Pwopriyetè konpayi James K. P. Pine se te youn nan pi gwo sitwayen vil la epi li te prezidan People's Bank (Bank Pèp lan) nan Lansingburgh, fondatè jounal *Troy Record*, ak ko-fondatè Samaritan Hospital. Eksplwate pa tandard Manufacturing Company depi ane 1970, gwo batiman sa a, ki mezire 246,000 pye kare, se sèl faktori nan kalite sa a nan vil la ki toujou rete itilize kòm yon manifakti tekstil.

Distri Istorik Steamboat Square, Konte Albany - Sitiye nan katye South End vil Albany, zòn nan genyen 49 batiman ki epapiye sou 10 kawo tè ki te devlope kòm yon pwojè lojman piblik nan vil la ant 1959 ak 1983. Batiman yo enkòpore tèm lokal ak nasyonal nan kad chanjman demografik iben, deklèn katye ak renouvèlman iben, segregasyon, òganizasyon lokatè, negosyasyon kolektif ak chanjman konsèp konsepsyon ak wòl lojman piblik. Konplèks la eksepsyonèlman enpòtan nan istwa Dwa Sivil paske aktivis lokatè yo sou kondisyon deteryorasyon nan tou orijinal yo te mennen vil la refè konspsyon batiman yo epi ajoute batiman an ranje ki antoure yo nan ane 1980 yo. Re-òganizasyon an te fè konplèks la ranpòte yon prim nasyonal pou reyabilitasyon pak lojman piblik ki egziste deja.

Ekspansyon Limit Distrik Istorik Anba Lavil Albany, Konte Albany - Distri a reflète twa syèk kwasans nan vil Albany epi li se kè finansye ak politik aktyèl vil la. Zòn sa a te premye nan lis Rejis Nasyonal Eta ak Plas Istorik yo an 1980. Yo ap amande lis sa a pou enkli batiman, sitou nan estil Dekorasyon Atistik ak Modèn, ki te konstwi apre 1928 jiska kòmansman ane 1970 yo, epitou pou enkli yon ti ekspansyon distri a.

Wedgeway Building, Konte Schenectady - Biwo sa a ak batiman pou vann an detay la te ouvri pou premye fwa an 1885 nan kè sant vil komèsyal vil Schenectady. Reflète ekspansyon ekonomik vil la ki gen rapò ak General Electric Co., batiman te elaji an 1912 ak 1922 epi li te pi gwo batiman biwo vil la. Li vid kounye a, epi dènye lokatè li a te pati an 2021.

Central

H.A. Moyer Factory Complex, Konte Onondaga - Aktyèlman vid, kat batiman endistriyèl sa yo nan Syracuse te konstwi ant 1881 ak 1909 pa H.A. Moyer Co., yon fabricant charyo liks ak, pita, otomobil soti nan ane 1908 jiska 1914, lè li ogmante pwodiksyon liy asanblaj pa konpetitè te fè konpayi an pa rantab. Pandan pwodiksyon an, otomobil konpayi an te vann nan tout peyi a pami yon kliyantèl liksye. Moyer te kontinye pwodui yon machin-motosiklèt ibrid inovan, ki rele Ner-A-Car, jiska 1925. Yo te itilize izin lan pita pou pwodui ekipman machin ak zouti elektrik.

Finger Lakes

Distri Istorik Vilaj Avon, Konte Livingston - Kè vilaj sa a reflète etablisman prematire nan rejyon Genesee Valley a soti nan kòmansman 19èm pou rive nan mitan 20èm syèk la ak lakoz kwasans lokal ki gen rapò ak agrikilti, endistri, ak lwazi. Enkli plis pase 370 batiman rezidansyèl, sivik, ak komèsyal, distri a gen ladan senk batiman ki deja sou Rejis Eta ak Nasyonal Plas Istorik yo, ki gen ladan yon opera, yon obè, yon Legliz Metodis, yon bibliyotèk, ak yon rezidans.

Mid-Hudson

Legliz Olandè Refòme nan Mamakating, Konte Sullivan - Konstwi an 1848, legliz sa a nan vilaj Wurtsboro se yon egzanp estil achitekti renesans grèk la epi li prezante yon ògàn ponp 1854 ak fenèt an vit ki tente.

Asosyasyon Atis Woodstock, Konte Ulster - Ki fèt nan estil Renesans Kolonyal, galri atistik sa a te ouvri nan vilaj Woodstock an 1921 pou sipòte yon koloni atis k ap grandi epi divèsifye. Galiri a se yon pati entegral nan istwa kontinyèl koloni atizay la lè li bay opòtinite egzibisyon pandan 100 ane.

Mohawk Valley

Simityè Rome, Konte Oneida - Simityè rural sa a Howard Daniels te fè li an 1853 pou sèvi vil Rome. Pwopriyete a prezante Chapèl Renesans Gotik Kingsley, ansanm ak mozole newoklasik ki reprezante anpil fanmi lokal enpòtan yo. Simityè a gen ladann yon moniman pou Francis Bellamy, yon rezidan Rome ak yon minis Batis ki te ekri Sèman Fidèlite a an 1892. Bellamy te mouri an 1931 epi yo antere li isit la.

Vil New York

Kent Manor, Queens - Konstwi an 1937, konplèks apatman jaden sa a nan Kew Gardens te fèt pa achitèk Jwif Benjamin Braunstein. Batiman Renesans Georgian yo te maksimize limyè, lè, ak espas ouvè pandan yo te kreye yon varyete apatman ki adapte pou lokatè klas mwayèn yo. Fanmi ki t ap viv nan Kent Manor yo se te yon melanj natif Nouyòkè, refijye Jwif ki soti ann Ewòp, ak moun ki fèk vini nan New York ki gen diferan

ras ak orijin. Yo te chanje non Hampton Court an 1987, konplèks apatman an rete itilize kòm yon koperatif epi li kontinye sèvi yon melanj rezidan divèsifye.

Estasyon Ray Hunts Point, Bronx - Konstwi ant 1908 ak 1909 epi se Cass Gilbert ki te fè li, estasyon ray sa a ki vid kounye a te fè pati liy Harlem River Branch ki fèk elaji nan New York la, New Haven & Hartford Railroad Company epi li reprezante ekspansyon transpò Vil New York la pandan kòmansman 20èm syèk la. Malgre pèt pati ki pi ba nan fasad li a, batiman an konsève anpil nan konsepsyon Renesans Fransè li a ak entegrite pou transmèt fonksyon ak siyifikasyon li kòm yon estasyon tren enpòtan. Apre ray tren an te sibi echèk finansye an 1937 epi sèvis pasaje yo te fini, yo te itilize estasyon an pou magazen ki vann an detay pandan plizyè deseni.

Boulevard Houses, Brooklyn - Devlopman 10 ekta sa a pa Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority) refilete efò vil la pou bay lojman abòdab apre Dezyèm Gè Mondyal la, lè plizyè milye sòlda ki te demobilize chak semèn t ap retounen nan vil la, sa ki te lakòz yon gwo mank lojman toudenkou. Boulevard Houses refilete achitekti ak planifikasyon ideyal modèn Ewopeyen yo men sou yon echèl ki pi modès. Konstwi ant 1949 ak 1950, konplèks la gen 18 batiman rezidansyèl ki gen anviwon 1,400 inite epi ki chita sou de sipèblòk ki divize pa yon sant komèsyal santral an peyizaj.

Fiorentino Plaza, Brooklyn - Pwojè lojman piblik 160 inite sa a gen uit batiman ki gen kat etaj ki te ouvri an 1971. Konstwi pou Otorite Lojman Vil New York nan kad pwogram Model Cities la, konplèks la reprezante apwòch konsepsyon "vest pocket" (pòch vèst), ki te mande rediksyon pwojè yo pou yo koresponn ak karaktè zòn rezidansyèl ba ki antoure yo. Konsepsyon sa a te reponn a kritik ki te fè konnen ansyen pwojè lojman sipèblòk yo te lakòz twòp depasman nan katye a ak konsantrasyon potansyèl pwoblèm sosyal yo.

Distri Istorik Paddy's Market, Manhattan - Sitiye nan katye Hell's Kitchen, distri sa a gen plizyè douzèn batiman abitasyon istorik, ansanm ak batiman komèsyal ak endistriyèl, yon legliz ak yon ansyen estab. Pifò batiman yo te konstwi pandan dezyèm mwatye 19èm syèk la, pandan popilasyon imigran Vil New York la te grandi. Ant 1885 ak 1939, zòn nan te espas yon gwo, mache anplennè yo rele Paddy's Market, ki prezante pwodwi alimantè ki soti nan plizyè douzèn nasyonalite diferan. Apre mache a te fèmen, anpil machann similè te ouvri nan premye etaj devan magazen an. Yo toujou itilize non Paddy's Market la pou dekri elajisman aktyèl magazen ak restoran alimantè entènasyonal yo.

Southern Tier

Erwin Town Hall, Konte Steuben - Bati an 1921, batiman an te loje alafwa gouvènman vil ak vilaj Painted Post jiska 1953, lè vilaj la ouvri pwòp biwo li yo. Bilding la te fèt pa konpayi achitekti Pierce and Bickford ki enpòtan nan rejyon an e li se yon egzanp estil Renesans Kolonyal la, ansanm ak efò Pierce and Bickford fè pou konstriksyon ki reziste kont dife. Aktyèlman vid, batiman twa etaj la te sèvi kòm yon konbinezon ponpye, tribinal, prizon, ak sal reyinyon vil la.

Western New York

Charles Berrick's Sons Florida Street Houses, Konte Erie - Konstwi ant 1901-1902, sèt apatman an masonri rezidansyèl "Buffalo double" sa yo te devlope nan katye Cold Springs nan vil Buffalo kòm pwopriyete lokasyon pa yon konpayi masonri lokal pwolifik. Devlopman an reprezante kwasans vil la nan mezi liy tramwe yo te pwolonje. Gwoup kay sa yo diferan pou konstriksyon varye yo, men an amoni ak brik ak wòch, ki diferan nan mitan anpil batiman ki gen osati an bwa. Dènyèman itilize kòm lojman kolèj, pwopriyete yo ap reyabilite kounye a.

Visco Meter Factory/Buerk Tool Factory, Konte Erie - Konstwi an 1921, faktori brik de etaj sa a nan katye Black Rock vil Buffalo se te katye jeneral Visco Meter Corporation, ki te fè akseswa otomobil, ki gen ladann yon mèt ki mezire viskozite ak presyon lwil. Buerk Tool Company pita te pataje batiman an pou fè pyès machin presizyon. Buerk te fèmen an 2020 epi li te vann batiman an, ke yo ap redevlope kounye a an inite rezidansyèl.

Levi J. & Frances A. Pierce House, Konte Chautauqua - Rezidans sa a ki gen fòm Dezyèm Anpi, ki te bati ozalantou 1871 nan vilaj Forestville, se sèl egzantp estil la nan kominote a epi li konsève prèske tout karakteristik finisyon eksteryè ak enteryè orijinal li yo. Pwopriyete a tou gen poto atlaj ak kay charyo orijinal li yo.

Monroe Motor Car Company and Main Garage Company Building, Konte Erie - Sal ekspozisyon oto ak garaj sa a te ouvri nan Buffalo an 1920, sa ki te reflekte patisipasyon vil la nan premye endistri otomobil la. Ouvri kòm yon konsesyonè pou machin yo te fè nan Midwest epi pita konvèti an yon konsesyonè Ford, batiman an te sitiye sou sa ke yo te vin konnen kòm "Automobile Row" (Liy Otomobil) vil la, ak konsesyonè ki reprezante chak gwo konpayi machin nan Etazini. Otomobil Row te lajman disparèt nan fen Dezyèm Gè Mondyal la, epi batiman sa a pita yo te tansfòme li an yon batiman vant rekò nan fen ane 1960 yo. Sitiye akote a, Main Garage Company Building te posede ak opere kòm yon garaj reparasyon machin pa fanmi Brundo, ki te viv tou anlè kay la, ant ane 1930 yo ak ane 1990 yo. Ansanm, de pwopriyete sa yo ede rakonte istwa premye endistri otomobil la nan Buffalo.

Konplèks Legliz Katolik St. Paul, Konte Erie - Sitiye nan vilaj Kenmore, konplèks la gen ladan yon legliz ki te bati an 1954, ansanm ak yon lekòl ki te bati an 1925, yon rectorat ak yon garaj. Okòmansman etabli an 1897 kòm youn nan premye pawas nan banlye Buffalo nan Kenmore, Legliz St. Paul reflekte modèl ekspansyon legliz banlye nan Buffalo ak lòt vil Ameriken pandan ane 1950 yo ak ane 1960 yo.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif, ak lansman bato, ke yon kantite rekò 78 milyon moun te vizite an 2020. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive

an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite parks.ny.gov, konekte sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)